

Enfòmasyon enpòtan konsènan plon nan dlo potab

Nan Depatman Dlo ak Egou Miami-Dade (WASD), pwoteje sante piblik ak asire sekirite kominote nou an se pi gran priyorite nou. Nou vle asire kliyan yo ke Ke Miami-Dade kontwole kalite chimik dlo lè nou ajoute yon eleman bloka kowozyon pou asire nivo plon yo rete lwen anba limit regilasyon federal la lè dlo a kite etablisman tretman nou an. Nou pran angajman pou asire sante ak byennèt kominote nou an epi nou ap travay nan tèt kole ak rezidan ki te idantifye plon nan liy sèvis yo pou nou pran mezi pou asire ke dlo ou rete san danje.

Depatman Dlo ak Egou Miami-Dade toujou bay dlo ki sekirite ak bon kalite ki satisfè oswa depase estanda dlo potab Eta ak federal yo. Nou gen mikrobiyolojis, chimis, ak espesyalis tretman dlo ki byen fòme ki fè plis pase 150,000 analiz echantiyon dlo oswa sipèvize yo atravè sistèm lan chak ane. Ou ka jwenn rapò anyèl sou kalite dlo sou [sit entènèt WASD](#) la.

Sous dlo potab yo pa natirèlman gen plon an jeneral Li posib pou plon antre nan dlo potab akòz kowozyon, oswa domaj tiyo, oswa enstalasyon plonbri rezidansyèl ki gen plon. Sa a gen ladan plon oswa soudi ki gen plon yo itilize pou soude tiyo ki fèt an plon, kuiv, ak wobinè kwome ki gen kuiv. Lè matyè sa yo prezan, liy sèvis ki fèt an plon yo anjeneral se sous plon ki pi enpòtan nan dlo a.

Posiblite ki genyen pou jwenn liy sèvis ki fèt an plon nan sistèm distribisyon dlo Konte Miami-Dade la piti. Konte Konte Miami-Dade te entèdi itilizasyon plon nan fabrikasyon tiyo dlo an 1976, yon deseni anvan yo te ajoute yon entèdiksyon nasyonal nan Lwa pou Sekirite Dlo Potab la.

Sous plon

Plon se yon metal komen nou jwenn nan anviwònman an. Pi fò sous yo se rezilta aktivite moun. Kèk nan sous plon ki pi komen yo se:

- Penti a baz plon
- Pousyè oswa tè ki kontamine ak plon
- Objè an potri, eten, ak leton

- Materyèl plonbri ki gen plon
- Manje
- Pwodui kosmetik
- Plon ke moun atrape sou rad oswa soulye lè yo soti nan zòn travay oswa sèten pastan
- Jwèt, ekipman espas rekreyatif, ak bijou an metal pou timoun

Faktè enfiltrasyon plon

Lè dlo tiyo rete an kontak avèk materyèl plonbri ki gen plon pou yon tan pwolonje, plon gen yon pi gwo chans pou li filtre sot nan tiyo a oswa enstalasyon an al nan dlo potab la. Sa vle di dlo ki rete dòmi andedan tiyo a ke moun pran nan wobinè apre plizyè èdtan san itilizasyon, tankou nan maten oswa pi ta nan aprèmidi, ka genyen nivo plon pi elve pase dlo ki tap koule san rete atravè tiyo a pandan tout jounen an.

Efè plon sou sante

Li enpòtan pou w konnen ke ekspozisyon a plon ka gen efè sou sante. Pou plis enfòmasyon sou efè plon, tanpri vizite epa.gov/lead.

Pou enfòmasyon sou fason pou redui ekspozisyon: [Ti Konsèy pou Redui Ekspozisyon Potansyèl a Plon](#).